

LEE MEMORIAL HEALTH SYSTEM

Rezime Règleman Èd Finansye

Lee Memorial Health System ("Lee Health") gen yon fason pou ede moun ak bòdwo medikal yo. Nou rele sa Règleman Èd Finansye nou an oswa "FAP" pou fè sa pi kout. Dapre FAP nou an, nou ofri èd bay pasyan ki kalifye pou swen medikal dijans ak swen ki nesèsè medikalman ki bay nan lopital Lee Health yo. Anba a w ap jwenn yon rezime sou jan li fonksyone. Nou ka bay yon kopi FAP la pou plis enfòmasyon.

Ki moun FAP la ede? Dapre FAP la, pasyan yo ka resevwa èd finansye si yo satisfè kèk nivo revni nan kay la epi (1) pa asire, (2) rete nan zòn sèvis prensipal nou an (Konte Lee Charlotte, Collier, Glades ak Hendry nan Florid), (3) bay enfòmasyon sou finans lakay yo, ak (4) resevwa swen medikal dijans oswa swen ki nesèsè medikalman nan yon sant lopital Lee Health.

Pou konnen si yon pasyan kalifye pou èd finansye, nou mande pasyan an enfòmasyon. Nou ka mande yon pasyan pou ranpli yon Aplikasyon pou Èd Finansye ("FAA") epi pou ba nou dokiman sou finans kay pasyan an. Lee Health gen konseye finansye ki ka ede ou ranpli aplikasyon an. Kopi FAP ak FAA a disponib sou entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp> oswa ou ka mande yo an pèsòn oswa pa lapòs nan Lee Health Patient Financial Services (Sèvis Finansye pou Pasyan Lee Health) nan 1-800-809-9906. Nou ka toujou eseye jwenn peman nan men asirans, aranjman pou dèt ak jijman, menm si gen èd finansye ki disponib.

FAP la kouvri doktè nan Lee Physician Group ki bay sèvis medikal dijans ak swen ki nesèsè medikalman nan lopital Lee Health yo. FAP la pa aplikab pou swen ki bay andeyò etablisman lopital la, tankou vizit doktè nan Lee Physician Group. Doktè ki fè pati Lee Physician Group yo ka ofri pwogram èd finansye tou jan yo deside sa. W ap jwenn sou entènèt la yon lis doktè ak lòt founisè ke FAP la kouvri nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Kijan pou aplike Pasyan yo ka aplike pou èd finansye lè yo ranpli yon FAA nan nenpòt kilè a anvan ak pandan tretman an, ak jiska desizyon final sou bòdwo yo a. Lee Health ka mande pasyan an dokiman patikilye pou evalye FAA pasyan an. Apwobasyon yon FAA ka pran jiska 30 jou apre tout dokiman yo fin soumèt. Pasyan yo ki kalifye pou èd pral jwenn èd pou jiska 180 jou, apre tan sa yo pral gen pou aplike ankò oswa voye nouvo dokiman yo.

Ki kantite èd finansye ki genyen? Lee Health bay èd finansye dapre FAP la nan yon echèl degresif sou baz direktiv nivo federal povrete ("FPL") a.

Pasyan ki kalifye yo ki gen revni brit fanmi an ki pa depase 200% FPL la, an jeneral, pa pral gen pou peye okenn nan bòdwo yo a pou lopital la ak pou doktè ki patisipe nan FAP la. Pasyan ki kalifye ki gen revni fanmi an ki depase 200% FPL la ak ki rive jiska 400% FPL la pral, an jeneral, sèlman gen pou peye 20% bòdwo yo a pou lopital kalifye a ak pou frè doktè a. Anplis de sa, pasyan ki kalifye yo ki gen revni fanmi yo ki pa depase 400% FPL la pou yon fanmi ki gen kat, an jeneral, pa pral gen pou peye anyen pou lopital kalifye a ak pou frè doktè lòske responsablite pou lopital ak redevans pou doktè a depase 25% revni fanmi an. Nan lane 2019, FPL pou yon fanmi ki gen kat te egal ak \$25,750.

Si yon pasyan pa asire e pa kalifye pou èd finansye sou baz revni, Lee Health ofri yon rabè 25% sou redevans total la.

Pou pasyan k ap swiv tretman aktif pou kansè ak kote revni yo pi ba pase 400% direktiv federal pou povrete a, Lee Health ka deside si li vle ofri jiska 100% èd finansye pou tretman yo sof si lalwa entèdi sa.

Kijan pou kalkile "montan ki faktire an jeneral". Lè yon pasyan kalifye resevwa èd finansye ki mwens pase 100% redevans brit yo, pasyan an pa pral dwe plis pase montan ki faktire an jeneral bay moun ki gen asirans ("AGB"). Lee Health itilize metòd "look-back" (peryòd evalyasyon) pou kalkile AGB pou lopital li yo. AGB a se maksimòm nou pral pran nan men yon pasyan kalifye. AGB a chita sou tout reklamasyon Medicare, Medicaid ak konpayi asirans prive yo otorize sou yon peryòd 12 mwa, divize pa redevans brit ki asosye ak reklamasyon sa yo. Kalkil AGB pou chak lopital disponib sou entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Aksyon rekouvreman Pou pasyan ki pa kalifye pou èd finansye yo oswa ki pa ranpli aplikasyon yo e ki pa peye bòdwo yo alè, Lee Health ka voye kont yo a bay yon ajans rekouvreman. Pasyan yo pral resevwa avi ke kont yo a te ale jwenn yon ajans rekouvreman e pral gen senk jou louvrab pou reponn avi a anvan aksyon rekouvreman yo kòmanse.

Lee Health ka poze aksyon jiridik pou montan ki dwe pou plis pase 120 jou. Pasyan yo pral resevwa yon avi 30 jou anvan aksyon jiridik yo kòmanse. Aksyon jiridik yo ka gen ladann pouwit lajistis ak sezi sou salè yo. Lee Health ka depoze reklamasyon nan pwosedi fayit ak siksesyon epi egzèse privilèj jan lalwa pèmèt sa. Nan kèk ka, kote lalwa pèmèt sa, nou ka refize oswa mande pre-peman pou swen ki pa ijan pou yon moun ki gen bòdwo ki pa peye pou swen li te jwenn anvan.

Kijan pou aprann plis sou Règleman Èd Finansye a. Lee Health pral rann Règleman Èd Finansye a ak avi obligatwa yo piblik nan kominote n ap sèvi a. Lee Health pral fè kopi gratis FAP, FAA ak Rezime sa epi mete yo disponib nan lang Angle, Espayòl, Alman ak Kreyòl Ayisyen, ni sou papye ni sou sit entènèt health system nan, <http://www.leehealth.org>. Pou jwenn plis enfòmasyon sou FAP la ak pou jwenn èd avèk pwosesis aplikasyon FAP la, pasyan yo ak manm nan kominote a ka kontakte tou yon espesyalis pou kont pasyan nan Lee Health Patient Financial Services lè yo rele nan 1-800-809-9906.